

Enskripsyon Lib pou Medicare



This is an Official U.S. Government Product

Èske w te fè etid anyèl pwogram Medicare pa w lan?

Enskripsyon Lib pou Medicare

De 15 oktòb a 7 desanm

Medicare pi dyanm toujou; li genyen plis benefis, plis chwa, e mwens depans pou wou.

- Vin genyen plis benefis toujou nan Expanded Medicare pwogram lan, tankou swen prevansyon gratis, tès pou detekte kansè, epi yon egzamen eta jeneral chak ane.
- Ou ka ekonomize lajan ak gwo rabè lan medikaman sou preskripsyon-yo.

Chak ane, gen nouvo pwogram asirans sante ak pou medikaman sou preskripsyon.

Ou ta dwe konsilte kontra asirans sante ak pou medikaman sou preskripsyon ou genyen an pou w wè si pwogram ou wan toujou reponn a bezwen-yo.

ÈSKE W TOUJOU SATISFÈ DE PLAN W LAN ?

Medicare kapab montre w pwogram nan zòn ou wan ki ka

- ✓ Koute mwen chè
- ✓ Peye pou medikaman w yo
- ✓ Pèmèt ou ale kay doktè, enfimyè ou nan famasi ou pito yo

Wa ka jwenn tou

- ✓ Yon estimasyon depans wa gen pou peye ou menm
- ✓ Kijan lòt kliyan ki deja anwole nan pwogram-yo pale de kalite ak sèvis yo jwenn nan pwogram sila-yo

Deside ki pwogram ki kapab reponn pi byen a sitiyasyon w pou ane pwochèn lan Si w vle chanje pwogram, telefone pwogram ou ta vle al ladan l lan Medicare kapab ede w enskri — sou Entènèt, an pèsòn, pandan kèk fèt yap fè nan kominate w la oswa pa telefòn. Si w satisfè de pwogram ou genyen kounye yan deja, ou pa bezwen fè anyen.

Sonje byen. Pandan peryòd enskripsyon lib Medicare lan, ou ka chwazi rete nan Original Medicare, oubyen ale nan pwogram Medicare Advantage Plan (tankou yon HMO ou PPO). Si w deja nan Medicare Advantage Plan, pandan peryòd enskripsyon lib lan, ou ka retounen nan Medicare Advantage.

GEN 4 JAN OU KAPAB JWENN ASISTANS OU BEZWEN YAN

1. **Al sou sit entènèt:** www.medicare.gov/find-a-plan pou w sèvi ak sistèm ki rele Medicare Plan Finder lan
2. **Konsilte dènye ti liv yo te voye ba wou ki rele “Medicare & You” an, pou w sa wè yon lis pwogram asirans nan zòn kote w rete ya** Etidye byen tout enfòasyon pwogram asirans ou wan voye ba wou, sitou avi chanjman yo voye chak ane ki rele “Annual Notice of Change letter” yan.
3. **Telefone 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227)**, epi wa di “Ajan.” Moun ki pa fin tande byen, telefone 1-877-486-2048. Gen moun ki la pou ede w 24 sou 24, menm pandan wikenn Si w bezwen asistans nan yon lang ki pa ni Angle ni Panyòl, di reprezantan sèvis kliyantèl la nan ki lang ou bezwen asistans lan.
4. **Chèche benefisyè yon sesyon oryantasyon pèsonèl sou asirans sante; pou sa, rele Pwogram Asistans pou Asirans sante Eta w (SHIP).** Pou w sa jwenn nimewo telefòn lan, ale sou sit entènèt www.medicare.gov/contacts, oubyen rele 1-800-MEDICARE..

SONJE BYEN, PWOGGRAM MEDICARE YO KA CHANJE CHAK ANE

MEN DAT MEDICARE KI ENPÒTAN

Septanm ak Oktòb—Etidye epi Konpare

Etidye: Plan w lan ka chanje Etidye tout avi de plan w lan konsènan chanjman pou ane pwochèn

Konpare: Nan mwa oktòb itilize zouti Medicare yo pou w jwenn yon pwogram ki satisfè bezwen-yo.

15 oktòb – Peryòd enskripsyón lib la ap kòmanse

Se sèl moman nan ane a lè TOUT moun ki nan Medicare kapab fè chanjman nan plan sante ak medikaman sou preskripsyón yo pou ane pwochèn.

Deside: 15 oktòb se premye jou kote w kapab chanje kontra asirans Medicare ou pou ane pwochèn.

7 desanm -- Peryòd enskripsyón lib la ap pran fen

Nan pifò ka yo, 7 desanm se dènye jou ou kapab chanje kontra asirans Medicare w lan pou ane pwochèn. 7 desanm se dènye delè pou pwogram lan dwe resevwa demann enskripsyón (aplikasyon) w lan.

Premye janvye—Asirans la ap kòmanse

Nouvo asirans lan ap kòmanse si w te chwazi yon nouvo pwogram. Si w te rete ak menm pwogram lan, kèlkeswa chanjman ou te fè ladan ou nan benefis-yo ou ankò nan depans-yo pou nouvèl ane an, chanjman sa-yo pral kòmanse aplike le premye janvye.

Kijan pou w fè chanjman nan asirans ou apre premye janvye

Ant premye janvye ak 14 fevriye, si wap patisipe nan yon pwogram Medicare Advantage, ou gen dwa kite li epi ale nan lòt pwogram ki rele Original Medicare la. Si w deside janbe nan Original Medicare pandan peryòd sa-a, wap gen jiska 14 fevriye pou w enskri tou nan yon Plan pou Medikaman sou preskripsyón Medicare pou ajoute yon asirans pou medikaman. Asirans ou ap kòmanse premye jou nan mwa-a apre pwogram lan resevwa fòm demann aplikasyon w lan.

www.medicare.gov

1-800-MEDICARE

(1-800-633-4227)

TTY 1-877-486-2048

**ÈSKE W BEZWEN PLIS ASISTANS POU W PEYE ASIRANS POU
MEDIKAMAN SOU PRESKRIPSYON OU YO?**

Si w pa gen ase revni oubyen lòt resous, ou gen dwa kalifye pou yon « Asistans adisyonèl » pou w peye medikaman sou preskripsyon ou yo. Pou fè aplikasyon w anliy, ale sou sit entènèt www.socialsecurity.gov/i1020 Oubyen, telefone biwo Sekirite Sosyal, nimewo 1-800-772-1213 epi mande fòm SSA-i1020. Moun ki pa fin tandé byen, telefone 1-800-325-0778.



Pwodwi CMS nimewo 11220 - HC (Haitian Creole)
Revizyon an oktòb 2012